



Plon

Enfòmasyon pou lokatè yo

Mizajou 26/3/26

Kisa Lwa sou Plon nan Massachusetts la ye?

- Lwa sou Plon nan Massachusetts pwoteje dwa yon timoun genyen pou l viv nan yon kay ki pa gen plon.
- Lwa sou Plon an mande pou yo retire oswa kouvri tout penti ki gen plon ki prezante yon danje nan nenpòt kay ki konstui anvan 1978 kote yon timoun ki poko gen 6 lane ap viv.
- Ni mèt kay yo, ni pwopriyetè yo responsab pou yo konfòme yo ak Lwa sou Plon an. Yo oblije asire yo pa gen plon nan kay la, sa ki ka reprezante yon danje, si yon timoun ki poko gen 6 lane ap viv ladan l.

Èske pwopriyetè a ka refize lwe m oswa mete m deyò poutèt plon nan kay la?

Non. Dapre lwa Massachusetts ak Lwa Federal sou Lojman Ekitab, pwopriyetè a PA KA refize lwe w oswa mete w deyò si ou gen timoun oswa si pwopriyetè a gen plon ladan l. Pwopriyetè yo responsab pou yo korije danje penti ki gen plon nan kay ou a.

Si ou panse pwopriyetè a te fè diskriminasyon kont ou, rele Biwo Lojman Ekitab ak Ekite Boston an nan 617-635-2500 oswa Komisyon Massachusetts Kont Diskriminasyon nan 617-994-6000.

Pwopriyetè mwen an ap fè travay nan kay mwen an. Èske fanmi mwen an sekirite?

Si ou pa asire si travay pwopriyetè ou a ap fè yo san danje, rele Pwogram Prevansyon kont Anpwazònman ak Plon Lakay Timoun Boston nan 617-534-5965.

Èske dlo lakay mwen an pa gen plon ladan l?

- Liy sèvis ki konekte kay ou nan dlo Otorite Resous Dlo Massachusetts la ka gen plon.
- Verifye si liy sèvis lakay ou a te fèt ak plon lè w konsilte kat jewografik liy sèvis ak plon Komisyon Dlo ak Tourego Boston sou www.bwsc.org oswa lè w rele 617-989-7888.



617-534-5965



1010 Massachusetts Ave
Boston, MA 02118



boston.gov/bphc-leadpoisoning



leadpoisoning@bphc.org